


# **PANDUAN ADVEN 2019**



**ORANG KATOLIK YANG  
TRANSFORMATIF**



# DAFTAR ISI

DAFTAR ISI	3
KATA PENGANTAR	5
Pepanggihan Kapisan: PADHA TANGIA LAN MELEKA!	9
Pepanggihan Kapindho: SAATI LAN SAWIJI MEMUJI GUSTI	15
Pepanggihan Katelu: SING SABAR LAN TETEG ATIMU	21
Pepanggihan kaping Papat KOWÉ WUS KATIMBALAN DADI GEGELITANÉ (KAGUNGANÉ) SANG KRISTUS	26

## **Tim Penyusun**

Rm. G. Tulus Sudarto,Pr.

Th.Aq. Purwono.N.A

G. Daru Wijoyoko

CB. Ismulyadi

## **Penelaah**

Rm. Ant. Dodit Haryono, Pr.

H. Joko Warwanto

## **Penerjemah Basa Jawa**

Rm. A. Dwi Aryanto, Pr.

## KATA PENGANTAR

Setiap Masa Adven, kita diajak secara khusus mempersiapkan diri menyambut kedatangan Tuhan di tengah-tengah hidup manusia. Perayaan Kehadiran Sang Juru Selamat ini, tentu saja dirayakan sesuai dengan konteks dan peristiwa konkret hidup kita. Sudah sekitar 10 tahun atau satu dekade ini, kita menyambutnya Adven sebagai penutup dan pembuka sebuah moment liturgi sekaligus konteks fokus pastoral di KAS. Maka, kita merumuskan Tema Adven yang diangkat pada tahun 2019 ini adalah ORANG KATOLIK YANG TRANSFORMATIF.

Pemilihan tema tersebut dilatarbelakangi bahwa Keuskupan Agung Semarang pada tahun 2020 menyambut moment penting Perayaan 80 Tahun Keuskupan Agung Semarang (KAS), Refleksi Rencana Induk (RIKAS) dalam Roadmap I (2016-2020), menyambut KEK (Kongres Ekarist Keuskupan) IV KAS dan Konteks Gereja Universal sebagai Tahun Misi. Hal itu juga bertepatan pada tanggal 30 November 2019 akan dirayakan peringatan 100 tahun diterbitkannya Surat Apostolik Maximum Illud.

Untuk itu, kita mengajak menghubungkan masa Adven dengan konteks Arah Dasar dan Fokus Pastoral KAS yaitu menjadi Gereja yang transformatif (Berdaya Ubah). Pemikiran mengenai Gereja yang transformatif (Berdaya Ubah) berdasarkan rencana pencapaian Arah Dasar KAS ke-7 dan Road Map RIKAS I mengenai Gereja yang Inklusif, Inovatif dan Transformatif. Kita diajak mempersiapkan dan membangun semangat Gereja yang menjadi promotor utama memajukan pemahaman dan penghayatan semangat bermisi di tengah masyarakat. Gereja KAS harus hadir di tengah bangsa Indonesia, berdialog dengan semua golongan dan lapisan masyarakat, dan hadir dalam gerak afirmatif melalui aksi sosial yang nyata untuk menjadi Gereja yang semakin mendalam dan misioner.

Tentu semua itu, merupakan perjalanan dari arah Gereja KAS yang selalu ingin menjadi bentar perubahan. Gereja memang selalu berubah mengikuti konteks zaman. Gereja pada dirinya

sendiri selalu berbenah. Meskipun perubahan itu membutuhkan waktu dan upaya, namun Gereja senantiasa memiliki daya ubah yang diharapkan semakin menjadi berkat untuk semua. Dalam masa Adven ini, kita juga diajak membangun sikap pertobatan, untuk mengevaluasi dan memperbaiki diri, sejauh mana Gereja KAS sudah mempunyai daya ubah (transformatif) baik bagi lingkungan sendiri maupun di tengah masyarakat. Salah satu bentuk pertobatan itu adalah menempatkan arah hidup secara lebih baik. Arah hidup yang lebih nyata dalam usaha terus-menerus menjadi komunitas atau paguyuban lingkungan yang sungguh mempunyai daya ubah baik ke dalam maupun ke luar di tengah masyarakat sekitar.

Maka, dalam dalam masa Adven 2019 ini, Komisi Kateketik Keuskupan Agung Semarang mengajak semua umat Katolik Keuskupan Agung Semarang untuk mempersiapkan Adventus (masa penantian) melalui bacaan Masa Adven dengan berefleksi dan bersarasehan bersama dalam konteks fokus pastoral melalui empat (4) pertemuan sebagai berikut:

1. Pertemuan Pertama: BANGUNLAH DARI TIDURMU!. Bacaan Kitab Suci diinspirasi dari Roma 13: 11-14a. Pada intinya, Pertemuan Adven pertama ini mengajak umat untuk mengapresiasi (mencari dan mengevaluasi) sejauh mana segi daya ubah (transformatif) iman dari dalam diri menuju perubahan di tengah masyarakat sekitarnya. Umat di lingkungan diajak keluar dari kungkungan “keterlenaan,” mencoba melihat keluar dari zona nyaman dan dari egosentrisme diri.
2. Pertemuan kedua: SATU HATI DAN SATU SUARA MEMULIAKAN ALLAH. Bacaan Kitab Suci diinspirasi dari Roma 15: 4-9. Pada intinya, Adven kedua ini mengajak umat melihat bersama sejauh mana transformasi hidup beriman sudah terjadi dan telah digiatkan dalam hidup menggereja di tengah lingkungan dan komunitas. Setelah melihat diri, umat diajak kepada kesadaran sebagai komunitas atau paguyuban lingkungan untuk melihat sejauh mana daya ubah (transformatif) iman dirasakan bagi seluruh komunitas atau paguyuban.
3. Pertemuan ketiga: BERSABARLAH DAN TEGUHKANLAH HATIMU. Bacaan Kitab Suci diinspirasi Yakobus 5: 7-10.

Pada intinya, Adven ketiga ini mengajak umat untuk teguh dalam hidup berkomunitas atau paguyuban, semakin bergiat dan bersemangat membuat gerakan-gerakan transformatif, walaupun tantangan semakin berat dan besar. Umat diajak menyadari bahwa daya ubah (transformatif) iman harus melibatkan semua anggota dan bersama-sama menjadi gerakan dari dalam keluar (mendalam sekaligus misioner). Tentu, upaya itu tidak dapat terlepas dari konteks tantangan masyarakat yang kompleks dengan intoleransi, budaya kekerasan dan disintegrasi. Maka, umat diajak untuk tetap teguh dalam perjuangan yang berdaya ubah (transformatif), walaupun mendapatkan tantangan yang semakin berat.

4. Pertemuan keempat: KAMU TELAH DIPANGGIL MENJADI MILIK KRISTUS. Bacaan Kitab Suci diinspirasi Roma 1:1-7. Pada intinya, Adven keempat ini mengajak umat menjadi Gereja yang semakin mempunyai daya ubah baik kedalam maupun keluar di tengah masyarakat. Maka, dalam pertemuan keempat ini, umat diajak untuk menjadi promotor utama Gereja yang hadir di tengah – tengah masyarakat, berdialog dengan semua golongan dan lapisan masyarakat. Pertemuan Adven keempat ini, mengajak umat untuk memaknai Natal dengan semakin berani bermisi keluar dengan iman yang mendalam dalam bentuk gerakan-gerakan konkret, baik sebagai pribadi maupun komunitas atau paguyuban.

Akhirnya selamat memasuki masa Adven, semoga pertemuan dan sarasehan yang diselenggarakan, membuat kita semakin memaknai penantian akan kedatangan Tuhan sebagai Gereja KAS yang semakin kuat berdaya ubah bagi masyarakat sekitarnya.

Rm. Antonius Dodit Haryono, Pr.  
Ketua Komkat KAS





# Pepanggihan Kapisan Padha Tangia lan Melèka!

## Tujuan

Umat bisa nggolèki lan naliti, apa pangandelé wus bisa ndayani dhiri pribadi lan masyarakat sakiwa tengené nemokaké urip kang anyar

## Sarining Sarasèhan

Swasana kang nyaman, aman lan tentrem mesti dadi idham-idhamané sapa baé. Ana sing nggambaraké swasana mangkono iku kaya déné wong sing lagi turu kepati, ora ngerti apa kang kelakon ing kiwa tengené. Swasana kaya mangkéné iki bisa gawé kita kelénan. Urip dadi mandheg wegah tumandang mbudidaya kang luwih becik malah bisa kelakon awaké dhéwé kandha, "ngéné baé wis cukup". Pitakonan tumrap kita, umat katolik: Apa ngéné baé wus cukup?

Pasamuan Suci kudu tansah wani mawas dhiri supaya tanggap marang owah-owahaning zaman supaya urip kita tansah bisa trep lan cocok ngadhepi zaman kang béda-béda kahanané. Pangandel marang Sang Kristus kudu tansah ngrembaka lan mekar, nduwéni bobot kang bisa diendelaké ya kanggo Pasamuan Suci lan masyarakat. Awaké dhéwé nyadari manawa kita ngugemi pangandel ing zaman teknologi informasi kang sarwa cepet. Tindak-tanduking umat manungsa wus béda adoh karo zaman-zaman kapungkur.

Mula ayo padha mawas dhiri supaya urip kita ora mung mandheg ing dhiri pribadi. Kita kudu wani gumrégah, melèk aja nganti kelénan. Sarana mangkono muga kita kabèh, luwih-luwih umat katolik uga wani mbudidaya urip kang anyar kang luwih maju.

## A. Pambuka

### 1. Kidung pambuka

*Pemandu prayogi milih kidungan ingkang saged nggigah*

*semangat pepanggihan ingkang laras kaliyan témaning pepanggihan.*

## **2. Sembahyang Pambuka**

*Sadremi conto ingkang saged dipunéwahi utawi dipun tambahi lan cocok kaliyan kawontenan lingkungan.*

Allah ingkang Mahamirah lan Mahatresna kawulanga kawula supados kawula tansah mbudidaya amrih pangandel kawula sangsaya kiyat lan ngrembaka ngadhepi tantanganing zaman ingkang manéka warni punika. Mugi karena paseksènipun umat katolik, gesanging umat lan masyarakat saged dados tepa tuladha ingkang ndayani lan migunani. Lantaran Gusti Yésus Kristus Pangéran kawula ingkang nunggil kaliyan Hyang Rama lan Hyang Roh Suci, gesang lan mengku keprabon sapunika sarta ing salami-laminipun. Amin

## **3. Nyumet lilin Korona**

P: Dhuh Gusti, paringa pepadhang dhateng umat Dalem mawi cahyaning sih Dalem.

U: Mugi kawula dadosa pepadhang tumrap sesami.

P: Dhuh Rama ingkang Mahawelas mugi karsaa ngatingalaken welas asih Dalem dhateng para abdi ingkang ngantu-antu cahyaning gesang sejati. Kaurupna pangajeng-ajeng kawula ingkang ngantu-antu rawhipun Putra Dalem. Kados déné sumunaring cahya lilin ingkang sangsaya manther punika mugi kawula pinadhangan déning Sang Kristus ingkang rawuh ing pribadi kawula. Mugi kawula dados umat ingkang tansah guyub-rukun ingkang saged ndayani lan migunani kanggé gesang ing tengahing masyarakat. Lantaran Sang Kristus Gusti kawula.

U: Amin

## **4. Cecala pepanggihan**

Ibu, Bapak lan para kadang kinasih, ing pepanggihan punika kita kaajak naliti lan mawas dhiri, punapa pangandel kita sampun njalari kita ngrasuk gesang ingkang énggal? Ing kalodhangan punika kita saged nglelimbang, punapa lingkungan kita sampun dados pakempalan ingkang ndayani lan migunani, dados tepa tuladha lan conto

gesang ingkang langkung saé? Punapa kosok wangsulipun lingkungan kita namung amem kémawon?

## B. Inspirasi

### 1. Apresiasi dhiri lan lingkungan

Paus Fransiskus paring pitedah:

*“Aja nganti lali manawa kita iki mlaku maju. Dadia ragi kang becik ana ing madyaning urip. Ing Kitab Suci dingandikakaké, kita iki dudu umat sing mlaku mundur ananging mlaku maju. Yèn kita mlaku mundur, kita iki dudu umat katolik. Dadi wong katolik tegesé wani nyawang apa kang ana ing ngarep. Iku ngemu teges manawa kita iki kautus déning Gusti. Mula saka iku kita tetep kudu semangat, tansah ngener marang apa kang ana ingarep kanthi kebak ing pangarep-arep. Hyang Roh Suci njurung kita supaya tansah maju. Ana rong prakara wigati kang kudu dilelembang, sepisan kepiyé awake dhéwé ngugemi Sakramèn Baptis kang wus padha daktampa kanggo urip pribadi lan uga ana ing msyarakat. Kapindo, kita kaajak awewarta lan awèh paseksèn bab piwucal Dalem Sang Kristus marang sapa baé.*

Pitakonan kanggo Apresiasi

Mula ayo padha mawas dhiri pribadi lan uga urip bebarengan kita minangka Pasamuhan Suci.

*Kanggo evaluasi dhiri pribadi lan lingkungan bisa nganggo cara iki. (Ningali halaman sakteruse)*

Nengeri mawa tandha (V) ing kolom. Pemandu kasuwun saged damel rékapan hasilipun lan nglebetaken wonten Scan QR Code punika kagem masukan ing Keuskupan.



Hasil rékapan ugi saged dipun biji kanthi pathokan kados punika:

- a. Aktif: skor 6
- b. Biasa saja: skor 3
- c. Kurang: skor 0

No.	Pernyataan dan Refleksi	Penilaian komunitas*		
		Aktif	Biasa Saja	Kurang
1.	Apakah sejauh ini, lingkungan aktif dalam kegiatan baik internal Menggereja maupun Sosial Kemasyarakatan			
2.	Apakah sejauh ini, lingkungan aktif dalam kegiatan internal mengembangkan iman yang cerdas dan tangguh dalam rupa dan cara apapun.			
3.	Apakah sejauh ini, lingkungan aktif dalam menggiatkan dan membantu perkembangan rasa saling memiliki, rasa guyub dan rasa kebersamaan ( <i>handarbeni</i> ).			
4.	Apakah sejauh ini, lingkungan aktif dalam kegiatan membantu orang yang membutuhkan bantuan material, baik warga lingkungan maupun masyarakat umum sekitar.			
5.	Apakah sejauh ini, lingkungan aktif dalam kegiatan menjaga rasa kebangsaan, rasa persaudaraan, dan toleransi dengan masyarakat sekitar.			
6.	Apakah sejauh ini, lingkungan aktif dalam kegiatan sosial pemberdayaan, baik ekonomi atau budaya yang berdampak bagi masyarakat umum sekitar.			

*Mila menawi dipun jumlah, skor paling inggil 36, rentang biji kados punika:*

- a. Skor 30 - 36, lingkungan katingal tanda-tanda BERDAYA
- b. Skor 18 - 29, lingkungan katingal tanda-tanda BIASA SAJA
- c. Skor 0 - 17, lingkungan katingal tanda-tanda LEMAH, KURANG BERSEMANGAT.

## **2. Pitakon kanggo panglimbang**

- a. Sawusé ngerti kahanan lingkungan, punapa pamanggih bapak ibu?
- b. Punapa kémawon ingkang sampun kapisungsungaken

saking bapak ibu dhateng lingkungan supados lingkungan  
sangsaya ngrembaka?

## C. Panglimbang Kateketis lan Bundelaning Piwulang

### 1. Kitab Suci

*Pethikan Kitab Suci (Roma 13: 11-14a)*

Prakara iki kudu koktindakaké, amarga kowé mangerti kaanané wektu saiki, yaiku wus tekan wanciné kowé tangi saka anggonmu turu. Awit saiki wektu kang kanggo nylametaké kita wus saya cedhak, katimbang nalika kita dadi wong pracaya.

Wektuné wis lingsir wengi, wis mèh raina. Mulané ayo kita padha ngrucat sakèhing panggawé kang peteng, sarta sikep gegamaning pepadhang!

Ayo kita padha urip kang patut, kaya ing wayah awan, aja padha nguja memangan lan mendem-mendeman; aja padha laku jina lan ngumbar hawa-napsu; aja padha tukar padu lan kumèrèn.

Nanging padha ngrasuka Gusti Yésus Kristus lan aja nuruti watak kang asipat daging kanggo ngumbar pepénginané.

### 2. Bundelaning Sarasèhan

- Waosan Roma 13:11-14a ngajak kita kabèh supaya nduwèni semangat anyar. Kanthi semangat anyar iku awaké dhéwé kagugah supaya urip kita iki ndayani lan migunani kanggo kemajuaning dhiri pribadi lan masyarakat.
- Wus titi mangsané kita kudu wani gumrégah supaya urip kita, lingkungan kita ora mung amem baé nanging bisa ngatonaké urip kang makantar-kantar ngeneraké marang kang ana ing ngarep kang bakal kagayuh bebarengan.
- Mobah mosiking lingkungan ora mung gumantung wong-wong tertemtu ananging gumantung saka umat lingkungan kabèh. Yèn kabèh bisa sayuk rukun gotong royong mbudidaya amrih beciké lan majuning lingkungan, awaké dhéwé percaya manawa lingkungan mengkoné bisa bakal urip, guyub lan maju, bisa dadi conto trumrap masyarakat sakiwa tengené.

## **D. Mbangun Niyat lan Panutup**

### **1. Ngresepaké wosing sarasèhan**

*Wening sawetara (5-10 menit)*

Daya urip anyar apa kang wus kawujud ing dhiri pribadi? Apa uripku wis bisa dadi dayaning urip kang ndayani lan migunani ing tengahing masyarakat? Ayo padha nyuwun muga Hyang Roh Suci paring pepadhang lan tuntunan luwih-luwih ing mangsa advèn iki.

Pemandu ngajak umat ngaturaké Sembahyangan Umat. Prayoga yèn Pemandu mbuka Sembahyangan iki sabanjuré katerusaké déning umat kang rawuh. Ujub Sembahyangan Umat kalarasaké karo isining sarasèhan.

*Sarampungé Sembahyangan Umat bisa diadani kolèkte banjur katutup kanthi sembahyang Rama Kawula.*

### **2. Sembahyang panutup**

Rama ingkang Mahaagung, kawula munjuk sembah nuwun awit karena tuntunan lan pangreksa Dalem, kawula saged caos paseksèn wonten ing tengahing masyarakat. Kawula ugi munjuk sembah nuwun awit karena Hyang Roh Suci ingkang kaparingaken dhateng kawula, Panjenengan Dalem paring kawilujengan tumrap kawula. Karentahana kawula mawi sih Dalem supados kawula sangsaya saged ngrasuk gesang énggal ingkang saged ndayani lan migunani tumrap sesami lan masyarakat kawula. Lantaran Sang Kristus Gusti kawula. Amin.

### **3. Kidung Penutup**

*Saged kapilih kidungan perutusan ingkang laras kaliyan tema pepanggihan.*

# Pepanggihan Kapindho

## SAATI LAN SAWIJI MEMUJI GUSTI

### Tujuan

Umat bisa naliti apa dayaning urip anyar kang wus dirasakaké

### Sarining Sarasèhan

Cirining pasamuwan suci yaiku ndayani mungguhing urip kang anyar kanggo umaté lan masyarakat sakiwa tengené. Pasamuwan suci dadi sarana para wargané sangsaya rumaket marang Gusti Allah lan pepadhané. Krana Hyang Roh Suci, pasamuwan suci ngangkat kita kabèh dadi putra putrining Allah. Hyang Roh Suci manunggalaké para wargané nyawiji lan tansah wani nganyaraké urip.

Lingkungan kawujud amarga katunggalaké déning Hyang Roh Suci minangka murid-murid Dalem Sang Kristus. Kita kabèh percaya manawa pasamuwan suci tansah ngrembaka nunggal saati, saiyeg lan sabudi. Apa awaké dhéwé minangka warganing lingkungan uga wis mèlu urun rembug lan cawé-cawé amrih lingkungan kita bisa mujudaké urip kang anyar?

### A. Pambuka

#### 1. Kidung Pambuka

*Pemandu prayogi milih kidungan ingkang saged nggigah semangat pepanggihan ingkang laras kaliyan témaning pepanggihan.*

#### 2. Sembahyang Pembuka

*Sadremi conto ingkang saged dipunéwahi utawi dipun tambahi lan cocok kaliyan kawontenan lingkungan.*

Dhuh Rama ingkang Mahaasih ing pepanggihan punika mugé kawula umat Dalem karentahana Hyang Suci supados kawula minangka warganing pasamuwan suci ing

lingkungan tansah mbudidaya murih gesang énggal saged kawujud ing gesang kawula. Mugi kawula ugi tansah manungil samanah lan sabudi ngregengaken kegiatan-kegiatan lingkungan supados lingkungan kawula sangsaya guyub, rukun, sangsaya gesang lan kanthi makaten pangandel kawula sangsaya kiat lan santosa. Lantaran Sang Kristus Gusti kawula. Amin.

### 3. Nyumet lilin Korona

P: Dhuh Gusti, paringa pepadhang dhateng umat Dalem mawi cahyaning sih Dalem.

U: Mugi kawula dadosa pepadhang tumrap sesami.

P: Dhuh Rama ingkang mahawelas mugi karsaa ngatingalaken welas asih Dalem dhateng para abdi ingkang ngantu-antu cahyaning gesang sejati. Kaurupna pangajeng-ajeng kawula ingkang ngantu-antu rawuhipun Putra Dalem. Kados déné sumunaring cahya lilin ingkang sangsaya manther punika mugi kawula pinadhangan déning Sang Kristus ingkang rawuh ing pribadi kawula. Mugi kawula dados umat ingkang tansah guyub-rukun ingkang saged ndayani lan migunani kanggé gesang ing tengahing masyarakat. Lantaran Sang Kristus Gusti kawula.

U: Amin

### 4. Cecala pepanggihan

Bapak lan Ibu kang kinasih, ing pepanggihan kang kapindho iki awaké dhéwé kaajak naliti, apa ing lingkungané dhéwé iki wis bisa dirasakké bab-bab kang anyar utawa isih mung mandheg kaya wingi-wingi durung ana kemajuan? Apa awaké dhéwé wus saati, saiyeg lan sabudi padha mbudidaya murih lingkungané dhéwé iki sangsaya maju?

## B. Inspirasi

### 1. Apresiasi rumaket lan guyubing Lingkungan

*Pemandu saged miwiti reflèksi kanthi maos piwucalipun Paus Fransiskus babagan gesang ing tengahing paguyuban.*

Paus Fransiskus paring paweling ana ing wawancara pribadi kaliyan Romo Antonio Spadaro, S.J., Pimpinan



redaksi La Civiltà Cattolica ing Italia. Paus Fransiskus ngandhika mekaten:

“Ana ing uripku, aku uwis sinau menawa siji-sijine cara kanggo ngrembakaké iman kapitayanku yaiku srawung lan guyub karo wong liya, amarga ora ana manungsa kang cukup urip ijèn. Urip ing paguyuban iku dadi cara kanggo nggayuh kautamaning urip. Mula kanggo srawung ing tengahing paguyuban butuh sikap lembah manah lan caos pitulungan marang kabèh warganing paguyuban, urip tresna-trinesnan lan ngupaya kabèh warga paguyuban bisa urip nyawiji lan lestari.”

Piwucal lan piweling saka Paus Fransiskus iku penting kagem gesang kita ing pasamuwan. Kita kaajab ngantuantu rawuh Dalem Sang Kristus ing Riyadi Agung Natal samangké kanthi gesang ingkang saati, saiyeg lan sabudi ana ing paguyuban kita. Kanthi sikap saati, saiyeg lan sabudi punika, kita badhé ngetingalaké cirining gesang tiyang katolik ingkang ndayani tumuju marang kahanan ingkang langkung saé (transformatif), tumprahing urip kita kabèh.

Mangga kita sesarengan evaluasi/ngelimbang paguyuban kita, punapa sampun ndayani kanggé warganing paguyuban:

*Pemandu bisa ngajak umat evaluasi/ngelimbang, apa lingkungan kita sampun ndayani (transformatif) mliginipun kanggo warganing lingkungan. Kanggo evaluasi lingkungan bisa nganggo cara iki. (Ningali halaman sakteruse)*

Nengeri mawa tandha (V) ing kolom. Pemandu kasuwun saged damel rékapan hasilipun lan nglebetaken wonten Scan QR Code punika kagem masukan ing Keuskupan.



Hasil rékapan ugi saged dipun biji kanthi pathokan kados punika:

- a. Teratur: skor 6
- b. Tidak Teratur: skor 3
- c. Tidak ada: skor 0

No.	Pernyataan dan Refleksi	Penilaian komunitas*		
		Ada Teratur (Intens-selalu)	Tidak Teratur (kadang-kadang)	Tidak Ada
1.	Apakah sejauh ini, lingkungan teratur dalam berkomunikasi, baik secara langsung maupun melalui alat komunikasi lainnya.			
2.	Apakah sejauh ini, lingkungan teratur dalam bergiat dengan acara-acara moment Gerejawi dan Kebersamaan lainnya.			
3.	Apakah sejauh ini, lingkungan teratur memperhatikan para anggotanya yang sedang mengalami kesusahan, sakit dan permasalahan.			
4.	Apakah sejauh ini, lingkungan teratur dalam mendukung keluarga-keluarga dalam pendidikan iman menggerejanya, baik bersifat Liturgis maupun Non-Liturgis.			
5.	Apakah sejauh ini, lingkungan teratur mendukung kegiatan-kegiatan yang semakin mengakrabkan dan meningkatkan kebersamaan dari rekoleksi hingga rekreasi.			
6.	Apakah sejauh ini, lingkungan teratur berusaha memberdayakan pribadi dan perkembangan bersama dengan berbagai macam cara.			

*Mila menawi dipun jumlah, skor paling inggil 36, rentang biji kados punika:*

- a. Skor 30 - 36, lingkungan menampakkan tanda-tanda GUYUB
- b. Skor 18 - 29, lingkungan menampakkan tanda-tanda BIASA SAJA
- c. Skor 0 - 17, lingkungan menampakkan tanda-tanda LEMAH, KURANG GUYUB.

## 2. Pitakon kanggo panglimbang

- a. Sawusé ngerti kahanan lingkungan, punapa pamanggih bapak ibu?
- b. Ing prakawis apa baé awake dhéwé wus nunggal saati lan sabudi?

## C. Panglimbang Kateketis lan Bundelaning Piwulang

### 1. Kitab Suci

*Pethikan Kitab Suci Roma 15: 4-9*

Awit kabèh kang biyèn wus katulis, iku katulis minangka piwulang kanggo kita, supaya kita gondhèlan kanthi kenceng ing pangareparep kalawan sabar mantep sarta panglipur kang saka ing Kitab Suci.

Muga-muga Allah kang dadi tuing kasabaran lan panglipur, karsa maringi karukunan marang kowé, kaya kang dikarsakaké déning Kristus Yésus, muga kowé padha tunggal sa-ati, saiyeg sarta tunggal tembung, bareng padha ngluhuraké Allah, lan Ramané Gusti kita, Yésus Kristus. Mulané kowé padha tanpa-tinampanana, padha kaya Sang Kristus anggoné uga wus nampani kita, kagem kaluhurané Allah.

Kang dakkarepaké yaiku, nyanggi luhuré kasetyaning Allah, Sang Kristus wus dadi peladosé golongan supit, kanggo ngukuhaké prasetyané kang wus kaparingaké marang para leluhur kita, sarta supaya para bangsa padha bisa ngluhuraké Allah, awit saka sihpalimirmané, kaya kang katulis, surasané, "Mila kawula badhé ngluhuraken Paduka, wonten ing satengahing para bangsa, saha memuji asma Paduka kanthi pangidung Mazmur. "

### 2. Bundelaning Sarasèhan

- Ana ing serat Rasul Paulus marang umat ing Roma 15:4-5, Paulus ngajak kita supaya nampa sapa baé kanggo kamulyaning Allah.
- Santo Paulus uga ngajak supaya kita padha bantu binantu siji lan sijiné, iso urip guyub-rukun sanadyan kita iki béda-béda lan warna-warna.
- Sanadyan pribadi-pribadi kang ana ing lingkungan iku béda-béda lan manéka warna nanging kuwi mau kabèh dadi sarana kanggo mbudidaya murih apa kang bakal

kagayuh lan dadi idham-idhamaning urip bebarengan bisa kasembadan. Saben pribadi iso sangsaya diwasa lan urip bebarengan ana ing tengahing masyarakat uga sangsaya ngrembaka.

## **D. Mbangun Niyat lan Panutup**

### **1. Ngresepaké wosing sarasèhan**

*Wening sawetara (5-10 menit)*

Apa kang dadi niatku murih uripku pribadi sangsaya migunani tumrap lingkungan?

Ayo padha nyuwun kekuataning Hyang Roh Suci murih kita bisa saati, saiyeg lan sabudi mbangun pribadi lan pasamuhan suci amrih urip kita sangsaya migunani kanggo masyarakat sakiwa tengen kita.

Pemandu ngajak umat ngaturaké Sembahyangan Umat. Prayoga yèn Pemandu mbuka Sembahyangan iki sabanjuré katerusaké déning umat kang rawuh. Ujub Sembahyangan Umat kalarasaké karo isining sarasèhan.

Sarampungé Sembahyangan Umat bisa diadani kolèkte banjur katutup kanthi sembahyang Rama Kawula.

### **2. Sembahyang panutup**

Gusti ingkang Mahaasih, kawula ngaturaken agenging panuwun ingarsa Dalem déné kawula sampun dados warganing pasamuhan ing lingkungan kawula. Mugi kawula saged samanah lan sabudi mbudidaya murih lingkungan kawula sangsaya ngrembaka lan saged ndayani saha migunani tumrap pribadi lan masyarakat sakiwa tangan kawula. Lantaran Sang Kristus Gusti kawula. Amin

### **3. Kidung Penutup**

*Saged kapilih kidungan perutusan ingkang laras kaliyan tema pepanggihan.*

# Pepanggihan Katelu

## SING SABAR LAN TETEG ATIMU

### Tujuan

Umat sangsaya teguh minangka paguyuban murid-murid Sang Kristus saéngga sangsaya sabar lan sarèh supaya dayaning urip anyar (transformatif) bisa kawujudaké ana ing kulawarga, lingkungan lan masyarakat

### Sarining Sarasèhan

Salah sawijining ciri manawa pasamuhan suci iku wus bisa ninggal urip sing lawas bisa katitik saka kegiatan-kegiatan kang karancang déning warganing pasamuhan kang bisa dirasakaké ana ing tengahing masyarakat. Umat katolik kaajak tansah ambyuk ing tengahing masyarakat, dadi utusan Dalem Sang Kristus martakaké Kraton Dalem Gusti.

Swasana ing masyarakat kang kebak ing rasa cubriya, memungsuhan, sesengitan, lan intoleransi iki, umat katolik kaajak tansah sabar lan teguh ing ati, martaaké Kraton Dalem Gusti, ora nglokro lan meneng baé ananging tetep teguh nindakaké jebibahané lan tanggung jawabé ing saben pakaryan kanggo kamulyan Dalem Allah.

### A. Pembuka

#### 1. Kidung Pambuka

*Pemandu prayogi milih kidungan ingkang saged nggigah semangat pepanggihan ingkang laras kaliyan témaning pepanggihan.*

#### 2. Sembahyang Pambuka

Sadremi conto ingkang saged dipunéwahi utawi dipun tambahi lan cocok kaliyan kawontenan lingkungan.

Dhuh Rama ingkang Mahatresna, kawula munjuk sembah

nuwun ingarsa Dalem awit pangreksa Dalem dhateng kawula. Panjenengan Dalem sampun ngutus Hyang Roh Suci ngamping-ampingi gesang kawula. Mugi Hyang Roh Suci ugi tansah paring kekiyatan dhateng kawula anggèn kawula sami caos paseksèn wonten ing tindak tanduk kawula. Lantaran Sang Kristus Gusti kawula. Amin.

### 3. Nyumet lilin Korona

P: Dhuh Gusti, paringa pepadhang dhateng umat Dalem mawi cahyaning sih Dalem.

U: Mugi kawula dadosa pepadhang tumrap sesami.

P: Dhuh Rama ingkang mahawelas mugi karsaa ngatingalaken welas asih Dalem dhateng para abdi ingkang ngantu-antu cahyaning gesang sejati. Kaurupna pangajeng-ajeng kawula ingkang ngantu-antu rawuhipun Putra Dalem. Kados déné sumunaring cahya lilin ingkang sangsaya manther punika mugi kawula pinadhangan déning Sang Kristus ingkang rawuh ing pribadi kawula. Mugi kawula dados umat ingkang tansah guyub-rukun ingkang saged ndayani lan migunani kanggé gesang ing tengahing masyarakat. Lantaran Sang Kristus Gusti kawula.

U: Amin

### 4. Cecala pepanggihan

Kita katimbangan agawé tata rakiting donya iki tinata becik sanadyan béda suku, agama, ras lan golongan. Kita kaajak martakaké Kraton Dalem Gusti lan mbangun donya kang nengsemaké lan sangsaya maju. Mbangun donya kang luwih apik lan becik mbutuhaké sikap sabar lan telatèn.

## B. Inspirasi

### 1. Waosan Inspiratif

#### Teteg lan Sabara anggoné Tumindak Apik

Aku aktivis pewartaan ing salah sijining Paroki pinggiran kutho Semarang. Nalika tahun 1980, aku naté nduwèni pengalaman kang oran becik. Aku terjebak ana ing tengahing kerusuhan ètnis. Wektu iku ana kerusuhan

rasial ing Jawa Tengah antarané ètnis Jawa lan Tionghoa sing nyebar nganti kutho-kutho lan Kabupatèn saJawa Tengah.

Konon kabaré, kerusuhan iku kawiwitan amarga perkara kang cilik ing Solo. Nalika iku aku ana ing tengahing atusan massa kang lagi podo tawuran. Malah aku uga nganti kena anteman lan tendangan saka wong-wong mau. Begjané lan berkahing Gusti, aku ditulungi déning salah sawijining Haji. Aku dilebokaké ing omahé saka esuk nganti bengi. Pitulungan saka Gusti pancèn mistèri. Aku percaya, imanku marang Sang Kristus kang paring keslametan nalika kahanan kisruh mau. Sing paling istimewa, koq yo kang nylametké awakku Bapak Haji ètnis Jawa. Bapak mau salah sijining priyayi Muslim kang ngormati iman kapitayanku kang béda karo Pak Haji.

Nganti saiki aku isih sesambungan apik lan ajèn ingajènan marang iman kapitayaéé déwé-déwé, malah kepara saiki dadi sedulur raket. Prastawa iku, ndadèkaké aku sinau, apa artiné teguh lan sabar kanggo tumindak apik marang sapa baé, sanajan kadang kala ana tantangan lan kangélan kang kudu diadepi.

Mula, aku tansah pracaya, sanajan dina-dina akèh prastawa kekerasan ètnis, ujaran kebencian kanggo minoritas, aku tetep sabar lan teguh kanggo terus tumindak apik, mbangun paseduluran marang sapa baè ora nyawang apa agamané, suku lan rasé. Amarga aku pracaya nalika nandur kabecikan bakal awoh kabecikan uga.

## 2. Nglelimbang bebarengan

*Pemandu ngajak mawas dhiri:*

- a. Miturut bapak ibu punpa tegesipun SABAR minangka murid-murid Dalem Sang Kristus?
- b. Miturut bapak ibu punapa tegesipun teteg ing manah minangka murid-murid Dalem Sang Kristus?
- c. Apa kang kudu dakbudidaya supaya tansah nduwèni sikap sabar lan ati kang teteg-teguh?

## C. Panglimbang Kateketis lan Bundelaning Piwulang

### 1. Kitab Suci

*Pethikan Kitab Suci Yakobus 5: 7-11*

Mulane dipadha sabar, para sedulur, nganti tekan rawuh Dalem Gusti. Delengen wong tani, anggone ngenteni woh adi, wulu-wetuning bumi, kanthi sabar ngantu-antu tekaning udan sing tembean lan wekasan. Kowe uga kudu sing sabar lan tetegna atimu: awit rawuh Dalem Pangeran wus cepak. Aja siji nggrundeli sijine: mengko mundhak kowe ketiban pangadilan; galo, Sang Mahajeksa wus ngadhang ana ing ngarep lawang. Para sedulur, kowe padha nulada para nabi kang medharake sabdaning Gusti, anggane tahan ing sangsara lan ambeg sabar. Satemené kita padha nyebut rahayu tumrap wong-wong kang padha sabar-mantep iku; kowé wis padha krungu bab sabar-mantepé Ayub, sarta wis padha sumurup apa kang ing wekasané kacawisaké déning Pangéran tumrap panjenengané, amarga Pangéran iku asipat maha-asih sarta maha-welas.

### 2. Bundelaning Sarasèhan

- Serat Yakobus 5:7-11 ngajak kita kabèh sinau saka para kadang tani, para nabi lan Ayub kang nduwèni krenteg nuntasaké pakaryan nganti tuntas. Para kadang tani, para nabi lan Ayub mung ngendelaké Gusti.
- Awaké dhéwé uga kaajak kaya mangkono iku, yaiku tansah pasrah sumarah lan ngendelaké Allah supaya bisa nggayuh kamulyan. Ngendelaké kakuatan Dalem Gusti dadi salah sawijining ciri urip kita minangka murid-murid Dalem Gusti.
- Kanthi sabar lan telatèn umat katolik kaajak bisa ngrampungaké apa kang dadi tanggung jawabé linambaran pangandel marang Allah. Mula sikap sabar lan ati kang teteg iki pancèn dibutuhaké kanggo sanguning urip.

## D. Mbangun Niyat lan Panutup

### 1. Ngresepaké wosing sarasèhan

*Wening sawetara (5-10 menit)*

Apa kang kudu dakbudidaya supaya aku tansah sabar lan



atiku teteg ngadhepi manéka warna kahanan ing zaman iki?

Ayo padha nyuwun supaya Hyang Roh Suci tansah paring pepadhang lan nuntun kita amrih tetep nduwèni sikap kang sabar lan ati kang teteg lan teguh.

Pemandu ngajak umat ngaturaké Sembahyangan Umat. Prayoga yèn Pemandu mbuka Sembahyangan iki sabanjuré katerusaké déning umat kang rawuh. Ujub Sembahyangan Umat kalarasaké karo isining sarasèhan.

Sarampungé Sembahyangan Umat bisa diadani kolèkte banjur katutup kanthi sembahyang Rama Kawula.

## **2. Sembahyang panutup**

Dhuh Rama ingkang Mahakuwasa mugi karsaa paring kekiyatan dhateng kawula amrih kawula tansah semangat anggèn kawula ngabdi ing Panjengan Dalem. Mugi karena pangabdi kawula Kraton Dalem sangsaya mekar lan asma Dalem tansah kaluhuraken déning sinten kémawon. Lantaran Sang Kristus Gusti kawula. Amin

## **3. Kidung Panutup**

*Saged kapilih kidungan perutusan ingkang laras kaliyan tema pepanggihan.*

# Pepanggihan kaping Papat

## **KOWÉ WUS KATIMBALAN DADI GEGELITANÉ (KAGUNGANÉ) SANG KRISTUS**

### **Tujuan**

Umat katolik nyadari manawa kudu tansah ambyuk ngayati urip bebarengan ing tengahing masyarakat.

### **Sarining Sarasèhan**

Linambaran semangat Injil, kita kautus njembaraké Kraton Dalem Gusti ing madyaning masyarakat. Kita kang wus dadi gegelitané/kagungan Dalem Sang Kristus katimbangan supaya warta kabungahan bisa sangsaya kawedhar. Apa kang katindakaké déning umat katolik njembaraké Kraton Dalem Gusti iku kasebut kerasulan. Mula kita kaajak nduwèni kekendelan martakaké Sang Kristus ana ing urip padinan.

Kaya kang katulis ana ing Dekrit Kerasulan Awam (Apostolicam Actuositatem) artikel 2 Konsili Vatikan II negasaké, “Mèlu cawé-cawé wewarta Kratoning Allah ing saindenging bumi amrih mulyaning Asma Dalem Gusti, supaya kabèh manungsa nemu kslametaning Sang Kristus. Kabèh tumindak kang nuju ana ing kslametaning Sang Kristus mau kasebut kerasulan. Kerasulan ditindakaké déning kabèh warganing Pasamuan Suci kanthi manéka warna cara kang apik” (AA. 2). Tumindak mangrasul kudu ditindakaké déning kabèh warganing Pasamuan Suci ana ing urip padinan.

### **A. Pambuka**

#### **1. Kidung Pambuka**

*Pemandu prayogi milih kidungan ingkang saged nggigah semangat pepanggihan ingkang laras kaliyan témaning pepanggihan.*

## 2. Sembahyang Pambuka

Sadremi conto ingkang saged dipunéwahi utawi dipun tambahi lan cocok kaliyan kawontenan lingkungan.

Allah ingkang Mahawelas, Panjenengan Dalem sampun paring wegdal dhateng kawula sami cecawis mapag rawuh Dalem Sang Kristus. Kawula nyuwun tuntunan Dalem mugé kawula saged nindakaken jejibahan kawula minangka umat Dalem caos paseksèn wonten ing gesang kawula. Lantaran Sang Kristus Gusti kawula.  
Amin.

## 3. Nyumet lilin Korona

P: Dhuh Gusti, paringa pepadhang dhateng umat Dalem mawi cahyaning sih Dalem.

U: Mugé kawula dadosa pepadhang tumrap sesami.

P: Dhuh Rama ingkang mahawelas mugé karsaa ngatingalaken welas asih Dalem dhateng para abdi ingkang ngantu-antu cahyaning gesang sejati. Kaurupna pangajeng-ajeng kawula ingkang ngantu-antu rawuhipun Putra Dalem. Kados déné sumunaring cahya lilin ingkang sangsaya manther punika mugé kawula pinadhangan déning Sang Kristus ingkang rawuh ing pribadi kawula. Mugé kawula dados umat ingkang tansah guyub-rukun ingkang saged ndayani lan migunani kanggé gesang ing tengahing masyarakat. Lantaran Sang Kristus Gusti kawula.

U: Amin

## 4. Cecala pepanggihan

Ana ing pepanggihan kang kaping papat iki awaké dhéwé kaajak nglelimbang, apa awaké dhéwé wus bisa agawé urip bebarengan iki sangsaya maju, wis tinemu urip anyar kang luwih ndayani lan migunani.

## B. Inspirasi

### 1. Waosan Inspiratif

#### **Nèk Mboten Panjenengan, Terus Sinten, Pak?**

Aku salah sijining warga katolik kang manggon ana ing Paroki ndésa sing masyarakaté mayoritas agama Islam. Aku

guru ing Sekolah Dasar lan tetanèn sakbubaré makarya ing sekolah.

Aku sadar dadi warga geréja Katolik kudu aktif ana ing lingkungan geréja, amarga geréja dadi sumbering kekuatan imanku lan uga kudu aktif ana ing tengahing masyarakat.

Aku ngrumangsani, timbalan Baptisan ku kudu mawujud, dhuwèni kapredulèn sing luwih amba, manegesakè sikap batin lan kudu tatag ngadepi sakwernaning tantangan urip. Kabèh kudu ditindakaké selaras karo karsa Dalem Gusti.

Aku ngrumangsani dadi salah sawijining penggiat désa kudu “hangabèhi”. Tindak tandukku mesti bakal dadi sorotaning wong liya. Semangat caos pitulungan marang sapa baé iku, kang dadi timbalanku, kudu wani srawung marang sapa baé kang nduwèni penggalih mbangun masyarakat kang apik.

Miturut pengalamanku, masyarakat banget percayané lan ngajèni apa baé kang ndak tindakaké. Ora mokal menawa saka tingkat RT-RW lan Dusun mesti njawil lan ajak-ajak tumandang menawa ana kegiatan-kegiatan kemasyarakatan. “Nèk mboten panjenengan terus sinten Mas,” surasane warga masyarakat.

Amarga panjaluké warga, aku kejobahan ngurusi keuangan tingkat RT lan RW. Aku uga kaparingan amanah supaya dadi pengareping Paguyuban Kelompok Tani. Sebeneré, aku uwis sélak saka tanggung jawab manéka warna iku kanthi alasan kesibukan ana ing sekolah. Ananging warga tetep meksa supaya nampa tanggung jawab mau. “Sik penting njenengan dados ketua mangké nèk wonten acara/undangan kagem kelompok tani saget pun wakilaken,” Mangkono surasané warga paring kekuatan. Aku nampa jejobahan kang diparingaké warga lan ndak tindakaké kanthi kebaking tanggung jawab.

Kabèh jejobahan iku ora terus nambahi beban uripku, nanging malah dadi sarana anggonku bisa samsaya rumaket anggonku srawung marang kabèh warga masyarakat. Mula, lantaran paguyuban masyarakat iki, iman Katolikku samsaya ngrembaka lan aku urip dadi warganing Gereja lan warganing masyarakat kang kebak ing kabungahan.

## 2. Nglelimbang bebarengan

- a. Adhedhasar crito iki mau apa tegesé katimbangan dadi gegelitan utawa dadi kagungan Dalem Sang Kristus?
- b. Patuladhan utawa conto-conto urip apa kang bisa kawujudaké ana ing tengahing masyarakat minangka murid-murid Dalem Sang Kristus?

## C. Panglimbang Kateketis lan Bundelaning Piwulang

### 1. Kitab Suci

*Pethikan Kitab Roma 1:1-7*

Saka Paulus, abdiné Kristus Yésus, kang katimbangan dadi rasul, kapiji nggelaraké Injilé Allah, Injil iku wus kaprasetyakaké lantaran para nabi kaya kang katulis ing kitab-kitab suci, bab Sang Putra, kang cara kadagingan mijil saka tedhaké Daud, lan miturut Rohing kasucèn Panjenengané iku Putrané Allah, katitik ana ing wunguné saka ing antarané wong mati, yaiku Yésus Kristus, Gusti kita. Lantaran Panjenengané, aku padha nampa sih-rahmat sarta kalenggahan rasul marga asmané, kadhawuhan nuntun marang sakèhing bangsa kang ora wanuh marang Allah, supaya padha pracaya lan mbangun-turut. Kowé uga padha klebu ing antarané wong-wong mau, kowé kang wus padha katimbangan dadi kagungané Yésus Kristus, marang para Sadulur kabèh kang manggon ing Roma, kang padha ditresnani déning Allah, kang katimbangan lan kadadèkaké para suci. Sih-rahmat anaa ing kowé kabèh lan tentrem-rahayu saka Allah, Rama kita lan saka Gusti Yésus Kristus.

### 2. Bundelaning Sarasèhan

- Serat Santo Paulus marang umat ing Roma 1:1-7 ngélingaké manawa awaké dhéwé iki wus dadi kagungané Sang Kristus awit kita wus katebus sarana Rah Dalem Sang Kristus.
- Ana ing pepanggihan sakdurunge, awaké dhéwé wus diélingaké supaya awaké dhéwé kudu tansah wani miwiti urip kang anyar ora mung meneng baé. Minangka murid-murid Dalem Sang Kristus awaké dhéwé kautus dadi pepadhang lan ragi ing madyaning urip iki.
- Kita kagungan Dalem Sang Kristus iki katimbangan iso caos

paseksèn. Linambaran pangandel, kita iso cawé-cawé lan urun rembug, luwih-luwih sarana tindak tanduk kita iso agawé urip ing masyarakat iki tinata kanthi becik. Lan kanthi mangkono urip kita iki ndayani lan migunani.

## **D. Mbangun Niyat lan Panutup**

### **1. Ngresepaké wosing sarasèhan**

*Wening sawetara (5-10 menit)*

Ayo padha nglelimbang, apa awaké dhéwé iki pancèn wis dadi kagungan Dalem Sang Kristus?

Apa niat-niatku minangka kagungan Dalem Gusti?

Ayo padha nyuwun kekiyatan Hyang Roh Suci supaya bisa dadi utusan-utusan Dalem Gusti kang tansah ndayani lan migunani tumrap masyarakat kita.

Pemandu ngajak umat ngaturaké Sembahyangan Umat. Prayoga yèn Pemandu mbuka Sembahyangan iki sabanjuré katerusaké déning umat kang rawuh. Ujub Sembahyangan Umat kalarasaké karo isining sarasèhan.

Sarampungé Sembahyangan Umat bisa diadani kolèkte banjur katutup kanthi sembahyang Rama Kawula.

### **2. Sembahyang panutup**

Allah ingkang Mahakuwasa, kawula muji syukur ingarsa Dalem déné kawula sampun dados kagungan Dalem Sang Kristus. Mugi kawula tansah kaparingan kekiyatan lan kekendelan amrih saged dados seksi-seksi Dalem kanggé kemajenganing pasamuhan suci Dalem. Lantaran Sang Kristus Gusti kawula. Amin.

### **3. Kidung panutup**

*Saged kapilih kidungan perutusan ingkang laras kaliyan tema pepanggihan.*

# Catatan - Catatan



Evaluasi QR-Code ini disediakan, agar umat dapat melakukan *evaluasi* terhadap Panduan Adven ini dengan fasilitas androidnya untuk kepentingan pengembangan dan masukan bagi Komkat KAS